# БИЙПЕРЗЕНТ ҲАЯЛЛАР ӘМЕЛГЕ АСЫРАТУҒЫН ҮРП-ӘДЕТЛЕРИНИҢ ҮЙРЕНИЛИЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ (ЗЫЯРАТ ОРЫНЛАРЫ МЫСАЛЫНДА)

**Турекеев Қуўанышбек Жийенбекович**
*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты*

Биз сөз етпекши болған темадағы мәселелер ең әҳмийетли мәселелерден бири болып, бул мәселе бойынша ҳәзирге шекем көплеген илимпазлар тәрепинен илимий-теориялық изленислер алып барылған. Перзентсизлик ҳаққындағы мағлыўматларды дәслеп, ХХ әсирдиң 20-30-жылларында Орта Азия аймақларында жасаўшы халықлардың турмысын үйренген белгили рус этнографы М.Андреевтиң илимий мийнетлеринен ушыратамыз. Бул илимпаздың «Хуф алабындағы тәжиклер» атамасындағы китабында бийперзент ерли-зайыплардың ийшанлардан тумар алыўы (тымор), жылан менен байланыслы магиялық әмеллерди ислеўи, егер де, бундай әмеллерден нәтийже болмаса, олардың зиярат орынларында (мешитлерде, қәбирстанда уламалардың мавзолейинде) үш күн түнеп қалыўы, шыра жағыўы ҳәм қурбанлық келтириўи сыяқлы үрдислерди орынлағаны айтылған [Андреев, 1953. – 47-49 б].

Белгили рус этнограф алымы О.А.Сухареваның «Тәжик халқында ана ҳәм бала» атамасындағы мақаласы балалық циклине тән фундаментлик илимий излениўлер қатарына киреди ҳәм онда бийпушлықтан қутылыў ушын бир неше усыллар белгилеп көрсетилген. Мақалада илимпаз физиологиялық тәртип, қумға түсип емлениў, «ыссылы-суўық» ҳәм басқа да магиялық әмеллер менен шыпа табыў ҳаққында тәрийплер берген. Бирақ, рус алымы бул мақалада зиярат орынларында перзентсиз ҳаяллар тәрепинен әмелге асырылатуғын үрп-әдетлерди дыққат орайынан шетте қалдырған [Сухарева, 1929. – 111, 114-116, 120-121 бб].

Өткен әсирде баспадан шыққан илимий мийнетлер арасында Венгриялы шығыстаныўшы алым И.Гольдциердиң «Исламда әўлийелер культи» атамасындағы китабы да биз ушын қунлы әдебиятлар қатарына киреди. Илимпаз өз мийнетинде араб ҳәм Жақын Шығыс халықларының зиярат орынлары, муқаддес орынлардағы үрдислер ҳәм ырымлар ҳаққында толығырақ мағлыўматлар келтириў менен биргеликте перзентсиз ҳаяллардың дәстүрге айланған көз-қараслары ҳәм әййемги исенимлер ҳаққында тоқтап өткен [Гольдциер, 1938. 47-48, 85 б].

ХХ әсирдиң 60-70 жылларына келип, этнографиялық изертлеўлер белгили дәрежеде тез пәт пенен раўажлана баслады. Бул дәўирде шаңарақ циклға киретуғын дәстүрлерди үйренген илимпазлар саны ҳәм олардың ислеген

илимий мийнетлериниң сезилерли алға илгерилегенлигин көремиз. Бул пикирлеримиздиң айқын дәлили сыпатында М.Абрамзон, Г.П.Снесарев, Н.В.Басилов, Х.Аргинбаев, Х.Есбергенов сыяқлы рус ҳәм қарақалпақ алымларының мийнетлерин көрсетип өтиўимизге болады. Атлары атап өтилген этнография илиминиң белгили тулғаларының илимий жумысларында Ислам дини кирип келгенге шекемги дәўирдеги дәстүр ҳәм үрп-әдетлерди үйрениў бойынша Г.П.Снесаревтиң изертлеўлери айрықша әҳмийетке ийе. Себеби, илимпаз тәрепинен баспадан шығарылған қайсы монография атын жазып жибер монографияда перзентсиз ҳаяллар тәрепинен орынланатуғын әдетлердиң ҳәр түрли дәстүрлерде жәмлегенлиги дала изертлеўлери тийкарында тастыйықлап берилген. Г.П.Снесарев перзентсиз ҳаяллардың зыярат орынлары ҳәм қәбиристанларда таўар бөлекшелеринен қуўыршақ жасаўы, тереклерге шүберек байлаўы ҳәм де муқаддес зыярат орнынларда әмелге асырылатуғын бир қатар магиялық-диний дәстүрлер ҳаққында толық мағлыўматлар келтирип өткен [Снесарев, 1969. – 268-270].

Және де белгили этнограф Н.В.Басиловтың мийнетлеринде де зиярат орынлары ҳаққында бир қанша табысларға ерискенлигин айтып өтиўимиз орынлы. Ол өз монографиясында туркменлердиң Бүркит баба культинен перзент сораўы, сондай-ақ, ҳәптениң сәршемби күни ҳаяллардың муқаддес улама-әўлийелердиң қәбирине келип перзентли болыў нийетинде сыйыныўы, сол тийкарда бир қанша әмеллерди орынлаўын жазып қалдырған [Басилов, 1970. – 26-27, 60 б].

Бул дәўирде қарақалпақ этнографлары Х.Есбергенов ҳәм Т.Атамуратовлардың алып барған илимий изертлеў жумысларында да Назлымхан сулыў зыярат орны ҳәм Жомарт қассап төбелигинде өткерилетуғын әдетлер жөнинде қызықлы мағлыўматлар орын алғанлығын көриўимиз мүмкин [Есбергенов, Атамуратов, 1975. – 117-118 б].

Өткен әсирдиң ақырына келип, қазақ этнографы Р.М.Мустафинаның илимий мийнетинде де бул мәселелер тилге алынған. Атап айтқанда, ол перзентсиз ҳаялларды емлеўдиң бир неше жолларын классификациялап, Домалак ана зиярат орнында байланған таўарлардың көплиги, сондай-ақ, бул орынның наўқас ҳәм бийперзент адамлар өз дәртине шыпа табыў нийетинде зиялатлаўын айтып өткен [Мустафина, 1992. – 110-б].

XX әсирдиң ақырлары ҳәм XXI әсир басларына келип, С.Абашин, В.Л.Огудин, О.В.Горшунова, А.Сызранов, Н.Терлецкий сыяқлы рус илимпазлары Орайлық Азия ҳәм Россия аймағында жасайтуғын мусылман этнослардың зиярат орынлары менен байланыслы үрп-әдетлер, диний көз карасларын ҳәм дәстүрий исенимлерин ҳәм перзентсиз ҳаяллардың ырымлары ҳаққындағы мағлыўматларды атап өткенлиги дыққатқа ылайық [Огудин, 2006.

176-б.; Горшунова, 2006. 286, 293-б.; Сызранов, 2012. 121-б.; Терлецкий, 2007. 118-122-б].

Соңғы жылларда елимизде муқаддес орынларды үйрениў бойынша Н.Х.Азимова, Н.У.Абдулаҳатов, З.Абидова, Ф.Ш.Акчаев, Ш.У.Бобожонов, С.Жўраева сыяқлы илимпазлар Жиззақ, Бухара, Сурхандәрья, Ферғана алабы ҳәм Хорезм аймақларында жайласқан муқаддес зиярат орынларын үйренип шыққан. Сондай-ақ, бийпушлылықтан қутылыў жолында орынланатуғын гейпара үрп-әдетлерди, атап айтқанда, усы мақсетте зиярат орынларынан тас алып кетиў, белгили улама адамлардың балалықтағы айдарынан бир тал шаш алыў сыяқлы қарақалпақлар арасында ушыраспайтуғын әдетлерди изертлеген [Азимова, 2017. 238-239-б.; Абидова, 2018. 83-84-б.; Акчаев, 2020. 79-б.; Жўраева, 2021. 187-б].

Зыярат орынларына тийисли мағлыўматларды қарақалпақ этнографлары М.Қарлыбаев, З.Курбановалардың илимий мийнетлеринен де ушыратамыз. Атап айтқанда, М.Қарлыбаев өз изертлеўинде зиярат орынларының тарийхы, сүннет әмеллери менен бирге, зиярат әдетлери ҳаққында да баҳалы мағлыўматлар берип өткен. Ол зыяраттың мақсетлерин үш топарға бөлип, олардың қатарында перзентсиз ҳаяллардың қәбир басына зияратқа барыў әмели әййемги дәўирлерде де болғанлығын көрсетип өткен [Карлыбаев, 2021. – 154, 184 б]. Қарақалпақ этнографы З.Курбанованың мақаласында болса, Хөжели ҳәм Нөкис қаласында жайласқан зиярат орынларында ҳаяллардың, әсиресе, бийперзент ҳаяллардың исенимлери менен байланыслы мәселелерге тоқталып өткенлигин көриўимизге болады [Курбанова, 2010. – 30-37 б]. Қарақалпақ фольклортаныўшы алымы Ж.Хошниязов та илимий мийнетлеринде муқаддес орынларда (сол қәбирдеги) уламаның бийперзент жубайлардың түсине ениўи менен байланыслы мотив анықланып, бул жағдай мусылманшылық үрп-әдетлери менен байланыслылығы ҳаққындағы жуўмаққа келген [Хошниязов, 1997. – 149-152 б]. Жас излениўши Р.Исаков та өзиниң илимий изленислеринде бул мәселеге тоқтап өткен [Исаков, 2022. – 48-54 б].

Биз жоқарыда тилге алған илимпазлардың илимий монография ҳәм мақалаларында зиярат орынлары ҳәм муқаддес орынларда алып барылған кең көлемли илимий изертлеў жумысларының нәтийжелери өз көринисин тапқан болса да, биз сөз етпекши болған мәселе, қарақалпақ ҳаялларының бийпушлылықтан қутылыўы жолында әмелге асырылған үрп-әдетлер, мәресимлер ҳәм ырым-сырымлар менен байланыслы илимий жумыс жаратылмаған. Сол себепли, биз бул мәселеде арнаўлы илимий изертлеўлер алып барыў зәрүрлигин, атап айтқанда, Республикамыздың арқа-батыс, арқа-шығыс ҳәм арқа районларда, сондай-ақ, Наўайы, Самарқанд ҳәм Ферғана

ўәлаятларында жасайтуғын қарақалпақлардың зыярат салт-дәстүрлерин салыстырмалы түрде үйрениў зәрүр деп есаплаймыз.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Абашин С.Н. Мазар Бобои-об: о типичности и нетипичности святых мест Средней Азии // Рахмат-наме. Сборник статей к 70-летию Рахмата Рахимовича Рахимова. СПб., 2008. – с. 5-23.

2. Абдулаҳатов Н. Фарғона водийси аҳолиси турмуш тарзида зиёратнинг ўрни (Фарғона вилояти зиёратгоҳлари мисолида): Тарих фанлари номзоди дисс. – Тошкент, 2008. – 152 б.

3. Абидова З. Хоразм воҳаси зиёратгоҳлари ва қадамжолари (тарихий-этнологик тадқиқот). – Тошкент. 2018. – 174 б.

4. Азимова Н.Х. Народные методы лечения бездетности у узбеков // Ўзбекистон этнологиясининг долзарб муаммолари. Масъул муҳаррир А.А.Аширов. – Тошкент: «Адабиёт учқунлари». 2017. – с. 233-238.

5. Акчаев Ф.Ш. Жиззах воҳаси муқаддас қадамжолари ва зиёратгоҳлари // Тарих фан. фалс доктор. Дисс. – Ташкент. 2020. – 165 б.

6. Андреев М. Таджики долины Хуф (верховья Амударьи). Вып. 1. – Сталинабад: Изд-во АН Таджикской ССР, 1953. – 253 с.

7. Басилов Н.В. Культ святых в исламе. – М.: Мысль, 1970. – 144 с.

8. Гольдциера И. Культ святых в исламе. – М.: 1938. – 180 с.

9. Горшунова О.В. Узбекская женщина: Социальный статус, семья, религия (по материалам Ферганской долины). – М. ИЭА РАН, 2006. – 360 с.

10. Есбергенов Х., Атамуратов Т. Традиции и их преобразование в городском быту каракалпаков. – Нукус: Каракалпакстан, 1975. – 212 с.

11. Жўраева С. Ўзбекистоннинг жанубий ҳудудларидаги зиратгоҳлар тарихи ва уларнинг маҳаллий аҳоли ҳаётидаги тутган ўрни. – Ташкент: O‘zkitob savdo nashriyot matbaa ijodiy uyi, 2021. – 352 б.

12. Карлыбаев М.А. К истории ислама у каракалпаков: исторические, социальные, этнические и генеалогические контексты. – Нукус: «Илим», 2021. – 274 с.

13. Курбанова З.И. Женское паломничество к святым местам (по материалам Нукусского и Ходжейлийского районов) // Вестник Каракалпакского отделения Академии Наук Республики Узбекистан. 2010. – № 3. – с. 30-37.

14. Исаков Р.У. Синтез мотива бездетности у каракалпаков в дастанах и народных представлениях // Вестник Ошского государственного педагогического университета имени А.Мырсабекова. 2022. – № 2. – с. 48-54.

15. Мустафина Р.М. «Представления, культы, обряды у казахов (в контексте бытового ислама в Южном Казахстане в конце XIX-XX вв.)». – Алма-Ата: 1992. – 176 с.

16. Огудин В.Л. Места поклонения в исламе (общая и частная история) // Среднеазиатский этнографический сборник. отв. ред. С.Н.Абашин, В.И.Бушков. – М.: Наука, 2006. – с. 165-189.

17. Снесарев Г.П. Реликты домусульманских верований и обрядов у узбеков Хорезма. М.: Наука, 1969. – 336 с.

18. Сызранов А.В. Ислам в Нижнем Поволжье. – Астрахань: Издательский дом «Астраханский университет», 2012. – 177 с.

19. Сухарева О.А. Мать и ребенок у таджиков (обряды и представления, связанные с материнством и младенчеством у таджиков города Самарканда и кишлаков Кусохо, Канибадама и Шахристана) // Иран: сборник статей. Т. III. Л., 1929. – с. 107-154.

20. Терлецкий Н.С. К вопросу о роли лоскутов ткани (латта-банд) на мазарах Центральной Азии // Лавровский сборник: материалы Среднеазиатско-Кавказских исследований. СПб.: 2007. – с. 118-122.

21. Хошниязов Ж. Қарақалпақ дәстанларында перзенсизлик темасы // Вестник Каракалпакского отделения Академии Наук Республики Узбекистан. 1997. – № 5. – с.149-152.